



Pou Piblikasyon Imedya: 04/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 15 MILYON DOLA POU AGRANDISMAN MATÈNÈL NAN DISTRI ESKOLÈ KI GEN GRAN BEZWEN YO

Finansman an Disponib Jan Gouvènè a te Pwomèt li a nan Diskou sou Eta 2018 Leta a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gen 15 milyon dola finansman ki disponib pou tabli pwogram matènèl pou elèv ki gen twazan oswa katran yo toupatou atravè New York. Distri eskolè ki gen gran bezwen yo ki kounye a pa gen pwogram matènèl Leta finanse pral benefisye preferans nan finansman.

“Li enpòtan anpil pou chak timoun nan New York gen aksè egal a bon jan kalite pwogram matènèl epi finansman sa a pral ede elèv ki nan distri defavorize yo resevwa edikasyon prekòs yo bezwen pou yo atenn siksè akademik”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou ofri timoun yo opòtinite pou yo kòmanse aprann depi menm pi bonè lè yo tou piti, se youn nan envestisman ki pi entèlijan nou ta ka fè antank Eta epi sa pral ede konstwi yon New York ki pi solid pou tout moun.”

“Li enpòtan pou timoun yo gen aksè a yon bon jan kalite edikasyon abòdab, espesyalman byen bonè lè yo tou piti”, **Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul te deklare.** “Finansman sa a pral agrandi pwogram matènèl ki gen atravè eta a yo, y ap priyore distri ki gen anpil bezwen yo, pou asire ke yo bay chak timoun yon opòtinite egal. Nou pran angajman pou nou ofri tout timoun ak fanmi ki nan distri defavorize yo yon edikasyon preskolè k ap mete yo nan pozisyon pou yo jwenn siksè alavni.”

Depi 2011, Gouvènè Cuomo te plis pase double angajman Eta nan edikasyon bonè pou amelyore avni akademik jèn moun yo nan New York. An 2013, Gouvènè Cuomo te kreye premye plas matènèl tout jounen yo nan eta a, epi an 2015, New York te agrandi matènèl la pou sèvi timoun twazan pou premye fwa. Angajman New York nan matènèl depase 800 milyon dola pa ane kounye a, k ap sèvi 120,000 elèv twa ak katran chak ane epi matènèl inivèsèl la gratis pou fanmi yo.

15 milyon dola anplis sa a pral garanti New York kontinye soutni elèv ki pi piti li yo gras a soutyen agrandisman pwogram matènèl ki gen nan distri lekòl toupatou atravè New York la yo, sa gen ladan sila ki kote ki pa gen plas matènèl kounye a yo. Anplis de sa, yo pral bay distri ki pral asire enklizyon elèv ki gen andikap nan anviwònman entegre yo preferans.

Apèl òf yo la (Request for Proposals) disponib [isit la](#) epi n ap aksepte aplikasyon yo jiska 29 Oktòb 2018.

Komisè Edikasyon Eta a, MaryEllen Elia te deklare, “Edikasyon preskolè te toujou rete yon premye priyorite pou Konsèy Rejan (Board of Regents) ak Depatman Edikasyon an (Education Department). Nou anvizaje yon New York kote tout timoun ap pwospere depi nan nesans yo, fleri nan preskolè, rantre nan pwogram ki apwopriye pou laj yo nan yon trajektwa anvè siksè, epi pou yo gen konpetans akademik nan twazyèm ane pandan yo ap grandi an bòn sante epi yo gen opòtinite pou yo fè bon jan kalite eksperyans aprantisaj bonè lè yo tou piti ki apwopriye pou yo sou plan kiltirèl, lengwistik ak devlopmanal. Nou remèsye Gouvènè a ak Lejislati a paske y ap ofri finansman ki pral pèmèt anpil timoun byen kòmanse edikasyon yo, epi nou atann pou nou kontinye mete eksperyans bon jan kalite edikasyon disponib pou tout apranti ki pi piti nou yo”.

Senatè Carl Marcellino, ki se Prezidan Komite Pèmanan Sena a sou Edikasyon (Senate Standing Committee on Education) te deklare, “Rechèch demontre ke edikasyon matènèl gen yon enfliyans dirab, pozitif sou siksè akademik timoun nou yo. Li esansyèl pou nou investi nan bon jan kalite pwogram matènèl yo pou nou garanti elèv ki pi piti nan New York la yo gen zouti edikatif ak fòmasyon yo bezwen pou avni yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l rekonèt enpòtans pwogram sa yo epi paske l ap bay tout timoun piti nou yo opòtinite pou yo devlope ak pwospere nan New York”.

Gouvènè Cuomo te anonse inisyativ la pou premye fwa an Janvyè nan kad pwopozisyon bidjè li a epi li te dekrete nan Bidjè Ane Fiskal 2019 la. Finansman pou distri yo pral renouvle chak ane, depi pwogram yo respekte tout kondisyon pwogram nan ak adopte endikatè kalite k ap evalye anviwònman an, relasyon mityèl ant pèsònèl la ak elèv yo ak rezilta elèv yo. Depatman Edikasyon Eta a, ki pral administre sibvansyon an, gen entansyon anonse prim sibvansyon yo nan fen otòn sa a.

Aprantisaj bonè ka konble eka yo epi bay benefis non sèlman nan etap bonè nan lavi men tou nan lontèm lan. Daprè Enstiti Nasyonal pou Rechèch Edikasyon Bonè (National Institute for Early Education Research), timoun yo ki patisipe nan bon jan kalite pwogram edikasyon anfans gen yon pi bon nòt nan tès mantal jiska laj 21 ane, plis siksè nan egzamen akademik nan toulède matematik ak lekti e yo gen plis chans pou ale nan yon kolèj katran epi travay pou bon salè.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)